

Fason Vaksen **Johnson & Johnson** kont **COVID-19** la Mache

Pran vaksen ede pwoteje ou, epi sa gendwa pwoteje fanmi ak zanmi ou yo. Vaksen Johnson & Johnson/Janssen lan se yon vaksen vektè adenoviris. Men kijan li mache.




1. Bay enstriksyon

Yon adenoviris ki san danje (yon viris komen pou grip ke yo te chanje dekwa pou li pa miltipliye oswa lakòz maladi) antre nan kò ou avèk yon jèn ki soti nan viris la ki lakòz COVID-19. Jèn sa a genyen enstriksyon pou li fè yon ogmantasyon nan pwoteyin ke yo jwenn nan viris la ki lakòz COVID-19.

2. Pwodwi

Kò ou fè ogmantasyon pwoteyin lan men li pa fè viris la limenm. Pwoteyin ki pwodwi yo ankouraje kò ou fè antikò.



3. Defann

Si viris ki lakòz COVID-19 la antre nan kò ou, antikò yo pral rekonèt ak konbat viris la, sa ki ap pwoteje ou pou ou pa malad.

Enfòmasyon sou Vaksen Johnson & Johnson

- Vaksen Johnson & Johnson kont COVID-19 la te sibi gwo etid klinik ke Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an ak lòt ekspè te revize. Vaksen an te montre li san danje ak trè efikas nan pwoteje moun kont maladi grav, entèn lopital ak mouri akòz COVID-19.
- Adenoviris la pa kapab miltipliye oswa lakòz maladi.
- Vaksen an pa genyen viris la ki lakòz COVID-19.
- Ou pa kapab pran COVID-19 nan vaksen an.
- Vaksen an pa kapab chanje ADN ou.

Pou jwenn yon sit vaksinasyon epi pran yon randevou, vizite nyc.gov/vaccinefinder oswa rele **877-829-4692**.

Pou aprann plis sou vaksen kont COVID-19 yo, pale ak pwofesyonèl swen sante ou, vizite nyc.gov/covidvaccine oswa rele **311**.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolye. 4.5.21

Haitian Creole

NYC
Health